

Bhaibheri re vana
Rikukupai

Mwari anoyedza rudo
rwaAbhurahama



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus
Alastair P.

Rakatorwa na: M. Maillot; Tammy S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2022 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.







Umwe husiku, Mwari
akarayira Abhurahama.
Mwari akanga achiyedza
Abhurahama, chida
kuona aida mwanakomana
wake kudarika
Mwari here.



Akanzi, "Chitora mwanakomana
Isaka uende kunomupira
somupiro." Kupa Isaka
somupiro? Izvi
zvakanga zvakaomera
Abhurahama nokuti
akange aine rudo
rukuru nomwana wake.




Asi Abhurahama akatenda Mwari,
kunyange akanga asinga nzwisisi.
Mangwanani, Abhurahama,
Isaka nemajaya ake maviri
vakaenda kugomo romupiro.



Asati aenda, Abhurahama
akatsemura huni dzokugadzira
moto womupiro.

Abhurahama
akanga achida
kuteerera Mwari.



Mushure mokunge mazuva matatu
apfura, vakasvika pedyo negomo.

Abhurahama akataura kumajaya ake
akati, "Imi chigarai henyu pano,
ini nomwana tichaenda
kunonamata,

tigodzokera
kwamuri." Isaka
akatakura huni;
Aburahama
akatakura
moto-
nebanga.



Isaka akabvunza akati, "Ko hwayana yemupiro iripi?"
Abhurahama akapindura akati, "Mwari achatipa gwayana remupiro."




Vakasvika panzvimbo chaiyo yakanga yasarudzwa naMwari. Abhurahama akavaka aritari akagadzira huni dzokupisa mupiro pamberi paMwari. Abhurahama akanga avaka maaritari mazhinji asi iyi yakanga yakaoma kuvaka.




Abhurahama akasunga Isaka akamuisa paaritari
pamusoro pehuni. Zvokwadi, Abhurahama
akanga achateerera Mwari achipira
Isaka mwanakomana mumwe chete
waidisisa zvakanyanya here?





Hongu! Abhurahama akasimudza banga achida kubaya mwana wake. Moyo wake wakarwadziwa asi akaziva kuti anofanira kuteerera Mwari.





Ipapo
ngirozi
yaMwari yakati,
"Mirai! Nokuti
ndinoziva kuti
unotya Mwari,
hauna
kundinyima
mwanakomana
wako mumwe
chete."



Abhurahama akasimudza musoro
wake, akatarira ndokuona
hondohwe yakanga iri musango.


Zvichida Isaka akafunga
kuti, "Mwari vatipa
hwayana sezvakanga
zvataurwa
nababa."



Pavakanga vachinamata, mutumwa akataura naAbhurahama akati, "Ndunzi dzose dzenyika dzicharopafadwa muvana vako nokuti vateerera inzwi rangu." Nerimwe zuva Jesu akanga achazvarwa mudzinza raAbhurahama.




Abhurahama na Isaka vakadzokera kumba. Nguva shoma ichinge yapfura, kusuwa kwakauya. Sara akanga afa. Abhurahama akanga arasikirwa nomudzimai wake uye Isaka akanga arisikirwa naamai wake.



Mushure mokunge rufu rwapera, Abhurahama akatuma muranda wake aiva mukuru weimba yake kunotsvagira Isaka mukadzi. Muranda akaenda kunyika yaAbhurahama kunotsvaga mukadzi pakati pehama dzaAbhurahama.



Muranda akakumbira Mwari chiratidzo. Akati,
"Musikana achapa ngamera dzangu mvura yokunwa
ndiye chaiye waIsaka." Ipapo, Rabheka akasvika akapa
ngamera mvura. Akanga ari hama yaAbhurahama.
Muranda akaziva kuti Mwari akanga adavira
munamoto wake.



Rabheka akasiya mhuri yake achienda kunoroorwa naIsaka. Akanyaradza Isaka uyo akanga afirwa naamai vake. Isaka aida Rabheka zvikuru.



Mwari anoyedza rudo rwaAbhurahama

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 22-24


"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130





5



60



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achaya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

